



Pou Piblikasyon Imedya: 23/02/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE SELEKSYON REZIDAN NAN KONTE SARATOGA
KÒM CHÈF KÒMANDMAN FIRST AIR FORCE LA**

Chèf Kòmandman Mèt Sèjan. Denny Richardson pral sèvi kòm konseye prensipal anwole yo opère kòmandan First Air Force ki gen 15,000 manm lan, ki responsab Kontwòl Ayewospasyal ak Defans Ayeryen zòn kontinantal Etazini an

First Air Force la okipe tou devwa Kòmand Defans Aewospasyal Amerik Dinò a, antite Kanado-Ameriken ki responsab defans ayeryen Amerik Dinò a

Chèf Richardson te sèvi kòm Konseye prensipal anwole yo opère kòmandan Gad Nasyonal Ayeryen New York la depi 2020

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yo te chwazi lidè prensipal Gad Nasyonal Ayeryen New York la, Chèf Kòmandan Mèt Sèjan Denny Richardson, pou sèvi kòm chèf kòmandman First Air Force la ki gen 15,000 manm. Li gen katye jeneral nan Panama City, Florid, First Air Force la responsab pou kontwòl ayewospasyal ak defans ayeryen zòn kontinantal Etazini an epi li okipe devwa Kòmand Defans Aewospasyal Amerik Dinò a (North American Aerospace Defense Command), ki se antite konjwen Kanado-Ameriken ki responsab pou defans ayeryen Amerik Dinò a.

"Kayè Chèf Richardson reprezante sèvis piblik la epi mwen fyè pou m rele l yon konpatiyòt Nouyòkè," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Eksperyans li nan sèvi kòm yon manm nan pi gwo Gad Nasyonal Ayeryen nan peyi a ak konsèy sa li te bay kòmandan li a te fè li inikman kalifye pou travay sa a. First Air Force la ak nasyon an pral byen sèvi avè l nan wòl enpòtan sa a."

Yon rezidan nan Schuylerville, Konte Saratoga, Chèf Richardson te sèvi kòm konseye anwole prensipal kòmandan Gad Nasyonal Ayeryen New York la ki gen 5,880 manm depi 2020. Nan pozisyon sa a, li konseye Kòmandan Gad Ayeryen an, Jeneral Divizyon Denise Donnell, sou pwoblèm tankou fòmasyon, preparasyon, ak moral moun ki anwole yo. Chèf Richardson pral kòmanse nouvo pozisyon li an Avril, anba kòmandan First Air Force la Jeneral Adjwen Steven Nordhaus, epi l ap sèvi kòm chèf kòmandman pandan twazan. Kòmandan First Air Force la te nonmen chèf kòmandman an apre li te fin fè entèvyou ak sou-ofisye ki kalifye atravè peyi a pou pòs la.

Majò Jeneral Ray Shields, Jeneral Adjwen New York lan, te deklare, "Chèf Kòmandman Mèt Sèjan Denny Richardson se yon lidè aktif ki te fè yon gwo enpak pandan karyè li nan Gad Nasyonal Ayeryen New York la. Mwen gen konfyans ke li pral fè yon bon travay kòm konseye prenipal anwole yo pou First Air Force la."

Chèf Richardson te sèvi nan Gad Nasyonal Ayeryen pou 34 ane, nan Maryland anvan li te deplase vin nan New York. Gad Nasyonal Ayeryen New York la se pi gwo gad nan peyi a, ak senk zèl volan, Sektè Defans Ayeryen Lès la, ak kat inite ki separe jewografikman. Sèvi kòm chèf kòmandman te byen prepare l pou wòl First Air Force la, ki se senk fwa gwo Gad Nasyonal Ayeryen New York la.

Avan li te konseye Jeneral Donnell ak predesesè li a, Majò Jeneral Tim LaBarge, li te sèvi nan 109th Airlift Wing, ki responsab pou founi enstalasyon rechèch nan Antarctica ak Greenland. Chèf Richardson te deplwaye nan Antarctica 15 fwa, epi tou li te sèvi yon vwayaj konba nan Afganistan. Li ak madanm li gen de pitit gason ki adilt.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)